



Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE PREMYE ETAP ENPÒTAN POU PWOGRAM
KOMINOTE KI AN FAVÈ LOJMAN NEW YORK LA AN KÒM GEN PLIS PASE 80
LOKALITE KI LANSE APLIKASYON YO**

Yo rekonèt ven lokalite ki soti nan Rejyon Long Island, Mid-Hudson, New York Santral, Lwès New York, Mohawk Valley, Southern Tier, North Country ak Rejyon Kapital pou angajman yo pran anvè kwasans lojman – 81 lokalite yo kòmanse oswa yo deja ranpli aplikasyon yo jiska dat

Kominote an Favè Lojman pral resevwa konsiderasyon priyoritè sou lòt lokalite yo pou jiska 650 milyon dola nan fon diskresyonè Eta a; dapre pwopozisyon Eta Leta a, sètifikasyon yo ta obligatwa pou gen aksè ak fon Sa yo

Bati sou estrateji alontèm Gouvènè a pou ankouraje kwasans lojman – sa enkli agenda Eta Leta 2024 la pou ogmante rezèv lojman New York la

Paj aplikasyon ak pwogram lan disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a selebre sètifikasyon premye Kominote an Favè Lojman New York yo kòm yon pati nan estrateji alontèm li pou sipòte efò lokal yo pou konstwi plis lojman nan tout eta a. Premye 20 Kominote an Favè Lojman nan eta a gen ladan lokalite nan Rejyon Long Island, Mid-Hudson, New York Santral, Lwès New York, Mohawk Valley, Southern Tier, North Country, ak Rejyon Kapital yo Sètifikasyon Gouvènè Hochul te anonse pou premye fwa ane pase a kòm yon pati nan yon pake Aksyon Egzekitif pou ogmante rezèv lojman an, rekonèt lokalite ki angaje nan kwasans lojman epi li ba yo konsiderasyon priyorite sou lòt lokalite yo pou jiska 650 milyon dola nan fon diskresyonè eta a. Nan kad Eta Leta 2024 li a, Gouvènè Hochul te pwopoze ranfòse pwogram Kominote an Favè Lojman an nan fè sètifikasyon an vin yon kondisyon pou kominote yo jwenn aksè ak fon diskresyonè eta a.

"20 kominote sa yo — ak plis pase 60 lòt moun ki te kòmanse aplikasyon yo — ap pran pozisyon pou konstwi yon avni ki pi bon, ki pi pwospè, epi ki pi abòdab pou New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sèl fason pou rezoud kriz lojman an se bati dè santèn milye nouvo kay, epi atravè pwogram Kominote an Favè Lojman an, administrasyon mwen an ap kontinye mete sipò total li, ki gen ladan jiska 650 milyon dola, pou kominote yo ki pran kwasans lojman oserye."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou anonse premye lokalite yo ki sètifye kòm Kominote an Favè Lojman nou epi felisite patnè gouvènman nou yo pou yon reyalizasyon fòmèdab konsa. Lè Gouvènè Hochul lye dirèkteman jiska 650 milyon nan fon diskresyonè ak sètifikasyon, Gouvènè Hochul ap ankouraje minisipalite yo pou yo fè plis pou fasilite kriz lojman yo santi nan chak rejyon nan eta a. HCR pral kontinye travay sere ak gouvènman lokal yo New York yo sou pwosesis sètifikasyon an epi nou espere anonse lòt kominote sètifye pandan tout ane k ap vini an."

20 kominote k ap resevwa sètifikasyon an Favè Lojman yo se:

- Vil Binghamton (Southern Tier)
- Vilaj Canajoharie (Mohawk Valley)
- Vil Canton (North Country)
- Vilaj Canton (North Country)
- Vilaj Croton-on-Hudson (Mid-Hudson)
- Vil Dryden (Southern Tier)
- Vil Dunkirk (Iwès New York)
- Vilaj Johnson City (Southern Tier)
- Vil Kingston (Mid-Hudson)
- Vil Lowville (North Country)
- Vilaj Mineola (Long Island)
- Vil New Lebanon (Rejyon Kapital)
- Vil New Rochelle (Mid-Hudson)
- Vil Newburgh (Mid-Hudson)
- Vil North Elba (North Country)
- Vil Plattsburgh (North Country)
- Vil Poughkeepsie (Mid-Hudson)
- Vilaj Pulaski (New York Santral)
- Vil Red Hook (Mid-Hudson)
- Vil White Plains (Mid-Hudson)

Pwogram Kominote an Favè Lojman

An 2023, Gouvènè Hochul te siyen yon Dekrè Egzekitif pou etabli Pwogram Kominote an Favè Lojman an nan fason pou rekonèt ak rekonpanse minisipalite k ap travay aktivman pou debloke potansyèl lojman yo epi ankouraje lòt yo fè menm bagay la. Lokalite ki te debloke kwasans lojman ki reyisi oswa ki angaje pou pran mezi ki enpòtan pou sipòte lojman, tankou lè yo rasyonnalize pèmi epi adopte politik ki favorab pou lojman, epi ki te aplike epi soumèt done lojman ak zonaj ki enpòtan pou eta a, pral resevwa yon sètifikasyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ki pral rann yo elijib pou 650 milyon dola nan fon diskresyonè eta. Pwogram finansman diskresyonè yo genyen ladan yo:

- Inisyativ revitalizasyon anba lavil la, ke Depatman Deta (Department of State, DOS) administre;
- NY Forward, ke Depatman Deta a administre;
- Fon Kapital Konsèy Rejyonal la, ke Empire State Development administre;
- Ri Prensipal New York, ke Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York administre;
- Sibvansyon kapital Mache New York ke Empire State Development administre;
- Fon Envestisman Long Island, ke Empire State Development administre;
- Fon Momentum Mid-Hudson, ke Empire State Development administre; ak
- Pwogram Ranfòsman Modènizasyon Transpò Piblik ke Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) administre

Lokal ki soumèt dokiman ki montre ke estòk lojman yo te ogmante pa yon pousan nan ane anvan an oswa 3 pousan sou twa ane anvan yo (nan sid eta a) oswa pa 0.33 pousan nan dènye ane a oswa 1 pousan sou twa ane anvan yo (nan nò eta a) pral kalifye pou sètifikasyon an. Kominote ki poko wè kwasans lojman yo ka jwenn deziyasyon Kominote Pwo-Lojman tou lè yo pase yon rezolisyon ki endike angajman yo anvé prensip Pwo-Lojman yo ansanm ak soumèt done lojman ak dekoupaj zòn ki nesèsè yo.

HCR ap revize aplikasyon pwogram yo sou yon baz kontinèl epi bay apwobasyon oswa refi nan espas 90 jou apre soumisyon an. Aplikasyon yo disponib [isit la](#) sou sit entènèt pwogram nan.

Majistra Binghamton lan, Jared Kraham, te deklare, "Jodi a, yo te rekonèt Vil Binghamton kòm premye vil nan Eta New York ki te resevwa deziyasyon Gouvènè a pou Kominote an Favè Lojman. Anons sa a mete aksan sou anpil ane travay Vil la ap fè pou sipòte nouvo lojman tout kalite, fè entèkansyon pou atire devlopè lojman, rasyonnalize apwobasyon konstriksyon epi ede reyalize pwojè rezidan yo merite. Ak deziyasyon sa a, Vil Binghamton pozisyone kounye a pou l resevwa priyorite nan aplikasyon sibvansyon Eta a pou finanse priyorite kle yo, tankou pwojè pou revitalize katye yo, ankouraje devlopman ekonomik ak amelyore kalite lavi. Lojman se yon investisman nan avni nou epi mwen pa ka tann efò kontinyèl sa a ak Gouvènè Hochul. Binghamton ap founi sa rezidan yo merite a – katye dinamik ak bon jan kay ki an sekirite."

Majistra Dunkirk la, Kate Wdowiasz, te delare, "Mèsi Gouvènè Hochul paske w te rasanble premye Kominote an Favè Lojman yo ansanm pou selebre sètifikasyon ofisyèl nou an. Vil Dunkirk fyè dèske li pami premye kominote ki fè pati pwogram sa a epi li espere kontinye patenarya nou ak Eta New York."

Majistra Canton lan, Michael Dalton, te deklare, "Vilaj la ak Vil Canton konprann bezwen reyèl pou yon varyete opòtinite lojman nan kominote nou an. Komite Direktè Devlopman Ekonomik nou an te konplete yon sondaj lojman plizyè ane pase pou idantifye sa ki nesèsè pou sipòte biznis nou yo ak resous edikasyon siperyè yo. Nou te dokimante bezwen lojman nan rejyon nou an ki afekte tout rezidan nou yo, ki gen tout

laj ak tout nivo revni. Vilaj la ak Vil la tou de te pwopoze rezolisyon yo, yo te pran angajman an Favè Lojman nan otòn ki sot pase a, yo konnen ke nou bezwen fè lojman yon priyorite. Nou fyè dèske nou te nan mitan premye kominote yo pou nou te pran angajman an Favè Lojman sa a epi pou nou te resevwa deziyasyon sa a."

Majistra Mineola, Paul A. Pereira, te deklare, "Vilaj Mineola fyè dèske Eta New York rekonèt li kòm yon kominote ki anfavè lojman. Mineola ap trase wout la nan Long Island nan kwasans entelijan ak devlopman transpò ki akse sou transpò piblik pandan prèske de deseni. Vilaj la pa ka tann pou l travay ak patnè nou yo nan gouvènman eta a pou l kontinye grandi nan yon fason ki fè sans pou kominote a pandan l ap satisfè bezwen k ap grandi pou lojman nan Long Island."

Sipèvizè Vil Canton lan, Mary Ann Ashley, te deklare, "Konsòsyòm Devlopman Ekonomik Vil ak Vilaj Canton ak Komite Direktè Devlopman Ekonomik la egziste depi plis pase kenx ane. Pou kèk ane ki sot pase yo, yon konsantrasyon prensipal te adrese bezwen lojman nan vil nou an. Yon rekòmandasyon Komite Dirijan se te dwe adopte yon rezolisyon an Favè Lojman ki te pwomèt pou pran mezi pozitif pou soulaje kriz lojman an. 25 oktòb 2023, nan yon reyinyon konjwen chak trimès, Vil ak Vilaj la te pase yon rezolisyon ki te pwoklame asirans nou pou n pran mezi pou adrese bezwen lojman ki egziste nan kominote nou an. Nou onore ak rekonesan dèske nou te chwazi yo kòm yon pati nan premye deziyasyon Kominote an Favè Lojman yo. Nou sensèman apresye angajman Gouvènè Hochul pran nan abòde kriz lojman an epi sipòte efò nou yo nan vil ak vilaj Canton lan."

Sipèvizè Vil Plattsburgh, Michael S. Cashman, te deklare, "Pandan kriz lojman New York la, pran mezi pwo-aktif esansyèl pou kwasans dirab ak abòdab. Angajman Gouvènè Hochul pou l abòde defi sa a parèt nan plan anbisyè li yo. Lè nou ankouraje gouvènman lokal yo, nou ka ansanm trase wout la pou yon avni ki pi solid epi ki pi abòdab. Vil Plattsburgh rete konsakre pou bay priyorite lojman, san li pa abandone gouvènans Règ Otonòm lam. Avèk plan itilizasyon tè konplè, Plan Kwasans Entelijan, ak règleman sou sibdivizyon ki ajou; nou planifye travay la ak travay sou plan an. Nou te dirije pandan dènye ane sa yo epi travay sa a ap kontinye. Nou fyè dèske yo te deziyen bou Kominote an Favè Lojman."

Emily Kilburn Politi, manm Konsèy Vil North Elba, te deklare, "Sètifikasyon sa a reflète angajman nou pou ankouraje katye ki enklizif, dirab ak amelyore aksè ak bon jan kalite lojman pou tout rezidan yo. Gen plis toujou pou akonpli, epi nou anvi kolabore ak Gouvènè Hochul ak administrasyon li a pou avanse inisyativ Kominote an Favè Lojman an."

Estrateji Lojman Alontèm Gouvènè Hochul la

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman New York la lè l bay lokalite yo zouti yo bezwen pou ogmante rezèv lojman yo, pwoteje lokatè ak pwopriyetè kay aktyèl yo ak potansyèl yo, epi rann li pi fasil menm pou Nouyòkè yo gen aksè epi aplike pou lojman nan pri abòdab. Nan kad pwopozisyon Eta Leta 2024 li a, Gouvènè a te anonse mezi pou ede Vil New York fè fas ak mank lojman li; yon fon 500 milyon dola pou debloke

jiska 15,000 inite lojman sou tè eta posede; ak aksyon pou konbat diskriminasyon kont Nouyòkè ki gen revni fèb ak modere yo lè yo sèvi avèk bon lojman Seksyon 8 la ak founisè lojman abòdab yo. Pwopozisyon Bidjè Egzekitif Gouvènè a gen ladan tou mezi pou amelyore plis pwoteksyon pou pwopriyetè kay ak fanmi yo kont vòl dokiman legal.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418